

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salaku alat komunikasi utamana manusa, basa téh kacida pentingna keur ngalaksanakeun kahirupan. Komunikasi hiji manusa jeung manusa séjénna bisa lumangsung sacara lancar lantaran ku ayana basa. Ahirna informasi nu ditepikeun dumasar kana kabutuhanana. Saupama manusa teu dibéré kamampuh dina ngagunakeun basa, tangtu bakal hésé dina ngalaksanakeun kahirupan sapopoé atawa ngajalankeun sosialisasi di masarakat.

Aya dua wanda basa anu mindeng kapanggih nyaéta basa lisan jeung basa tulisan. Basa lisan digunakeun dina kahirupan sapopoé. Sedengkeun basa tulisan biasa digunakeun dina karya sastra. Basa lisan atawa komunikasi langsung dilakukeun ku cara paguneman. Ari basa tulisan atawa komunikasi teu langsung bisa dilakukeun ku rupa-rupa cara, salah sahijina ngaliwatan karya sastra. Sikap nyamunikeun hiji hal atawa omongan dina karya sastra salah sahijina bisa ku cara ngagunakeun gaya basa. Réa kagiatan-kagiatan manusa anu patalina jeung kréatifitas, salah sahijina kagiatan kréatif dina ngagunakuen basa nyaéta ngaliwatan kagiatan nulis karya sastra. Kagiatan nulis karya sastra ieu téh biasana ku pangarang lain saukur pikeun méré informasi tapi ogé pikeun ngébréhkeun pikiran jeung éksprési rasa pangarang.

Basa nu digunakeun dina nyieun karya sastra béda jeung basa dina kahirupan sapopoé. Dina nyieun karya sastra pangarang ngalaksanakeun proses kréatif, Ku kituna sastra sok disebut karya seni. Aya sababaraha wanda karya sastra anu biasa dipaké pikeun ngébréhkeun pasualan-pasualan kahirupan sapopoé manusa. Salah sahijina nyaéta rumpaka lagu. Rumpaka lagu mangrupa wanda karya sastra anu dipaké ku musisi pikeun ngébréhkeun eusi pikiranana. Sangkan eusi tina rumpaka lagu miboga pangaruh ka nu ngadéngékeun, pangarang biasa ngagunakeun gaya basa sangkan maksud tina rumpaka lagu téh leuwih éndah jeung puitis karasana.

Saperti halna sajak, Pradopo (2012, kc.13), nétélakeun nu dimaksud puitis téh saupama rasa panyajak nu diébréhkeun ngaliwatan sajak, bisa karasa ku nu maca,

nepi ka nu maca ngarasa waas, sedih, bungah, atawa bagja di dina maca sajak-sajak si panyajak.

Dina ngagunakeun gaya basa, tangtu pangarang miboga carana séwang-séwang sangkan karyana jadi hadé tur éndah. Ieu cara téh bakal jadi ciri has jeung jadi salah sahiji unsur éstétik tina karyana. Sangkan éta karya bisa katepikeun kalayan éndah ku kituna perlu digunakeunna gaya dina makéna kekecapan. Ieu hal luyu jeung pamadegan Tarigan (2009, kc.4) anu nétélakeun yén gaya basa téh nyaéta basa anu éndah anu digunakeun pikeun ngaronjatkeun éfék ku cara ngawanohkeun sarta ngabandingkeun hiji barang atawa hal anu tangtu jeung barang atawa hal séjén anu leuwih umum.

Dina kahirupan masarakat Sunda, masarakat miboga kabiasaan sok nyarita ngagunakeun kekecapan séjén anu miboga harti kiasan. Éta hal dumasar gaya basa anu diwangun ku sasaruana jeung babandingan. Dina ngabandingkeun hiji hal jeung hal séjénna nyampak ciri-ciri anu nunjukkeun sasaruana antara hiji omongan jeung omongan séjénna. Gaya komunikasi jiga kitu lumangsung sangkan caritaan teu togmol teuing nalika nyarita hal-hal anu matak teu ngeunah kana haté. Ku ayana hal-hal anu dibalibirkeun miboga sipat anu sarua jeung maksud anu sabenerna. Ieu kabiasaan téh tangtu dirasakeun ogé ku para musisi Sunda nu ahirna mangaruhan ogé kana hasil karyana. Gaya basa nurutkeun Keraf (2010, kc. 112) dipikawanoh dina rétorika make istilah *style*, nyaéta kamampuh pikeun nulis atawa ngagunakeun kekecapan kalawan éndah. Luyu jeung pamadegan Stanton (2012, kc. 61) gaya basa nyaéta cara atawa tarékah pangarang dina makéna basa.

Salah sahiji genre musik anu dipikawanoh ku masarakat Jawa Barat nyaéta Pop Sunda. Pop Sunda mangrupa usaha ti musisi-musisi Sunda pikeun ngamumule budaya Sunda sangkan teu ditinggalkeun jaman ku cara kolaborasi jeung instrumen musik modern. Réa musisi-musisi Sunda anu ngajaga *eksistensi* pop Sunda salah sahijina nyaéta Rika Rafika. Rika Rafika tangtu ngeusian rumpaka-rumpaka laguna ngagunakeun gaya basa sangkan hasil karyana karasa leuwih éndah.

Réa panalungtikan anu nalungtik ngeunaan gaya basa. Sababaraha panalungtikan nu ngagunakeun judul gaya basa nyaéta “Gaya Basa Métafora dina

Babasan jeung Paribasa Basa Sunda (Tilikan Stilistik jeung Semantik)” (Anita Nurul Fauziah, 2014), jeung “Gaya Basa Ngupamakeun dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Stilistik jeung Semantik) (Novi Nurul Khotimah, 2016). Conto liana nyaéta panlungtikan “ Gaya Basa dina Kumpulan Surat Cinta *Mangsi asih Kalam Tresna* karya nu Dikumpulkeun ku Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (PP-SS)” (Nenden Lena Latifah, 2008) Salian ti panalungtikan nu ngulik ngeunaan gaya basa, aya ogé panalungtikan anu ngalarapkeun panalungtikan gaya kana bahan pangajaran nyaéta “Gaya Basa dina Kumpulan Carpon *Rusiah Kaopatwelas* Karangan Darpan Ariawinangun (Pikeun Bahan Pangajaran di SMA)” (Rostika Srihilmawati, 2016). Kajian gaya basa beunang Rostika Srihilmawati medar jeung nataan gaya basa nu aya dina kumpulan carita pondok ngaliwatan pamarekan stilistik jeung semantik. Dina ieu panalungtikan, gaya basa nu ditalungtik téh nyaéta gaya basa anu aya dina rumpaka lagu album *Dalingding Asih*.

Dumasar kana tinimbangan di luhur, panalungtikan anu judulna Gaya Basa dina Rumpaka Lagu Album Pop Sunda *Dalingding Asih* Rika Rafika (Tilikan Stilistik jeung Semantik) perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Gaya basa naon waé anu kapanggih dina album *Dalingding Asih*?
- 2) Ma’na gaya basa naon waé anu aya dina album *Dalingding Asih*?
- 3) Idéntitas nu kumaha nu nyampak dina rumpaka lagu album *Dalingding asih*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Nilik rumusan masalah anu dipedar di luhur, tujuan ieu panalungtikan pikeun maluruh gaya basa nu aya dina Album *Dalingding Asih* Rika Rafika.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan:

- 1) Gaya basa anu kapanggih dina album *Dalinding Asih* Rika Rafika,
- 2) Ma'na gaya basa anu aya dina album *Dalinding Asih* Rika Rafika,
- 3) Idéntitas nu kumaha nu nyampak dina album *Dalinding Asih* Rika Rafika.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan kabagi jadi dua bagian, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat Tioritis tina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) Élmü basa jeung sastra, utamana ngeunaan stilistika jeung semantik.
- 2) Ieu panalungtikan bisa méré sumbangan élmü sastra jeung basa, tur
- 3) Bisa dijadikeun bahan réfrénsi pikeun bahan panalungtikan saterusna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) Pikeun panalungtik, hasil ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina widang paélmuanana,
- 2) Pikeun nu maca, hasil ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh gaya basa nu kapanggih dina album *Dalinding Asih* Rika Rafika,
- 3) Pikeun masarakat, bisa leuwih maham kana ma'na jeung gaya basa dina album *Dalinding Asih* Rika Rafika.

1.5 Rang kay Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, nyaéta bab 1 eusina ngeunaan bubuka, eusina ngébréhkeun kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat tulisan boh éta mangpaat tioritis atawa mangpaat praktis, jeung rangkay tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori ngeunaan gaya basa, wanda gaya basa, stilistik, semantik, Panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III eusina ngeunaan bagian anu ngébréhkeun desain panalungtikan, sumber data, cara ngumpulkeun data, instrument jeung téhnik ngumpulkeun data, analisis data.

Bab IV eusina ngeunaan bagian anu ngébréhkeun hasil jeung pedaran panalungtikan, dina ieu bab medar ngeunaan gaya basa dina rumpaka lagu album *Dalingding Asih* Rika Rafika (Tilikan Stilistik jeung Semantik).

Bab V eusina ngeunaan kacindekan tina panalungtikan, implikasi pikeun bahan pangajaran, sarta méré saran pikeun panalungtikan satuluyna.